Zakiya Nurul Ulfa. 2026. Penerapan *E-Worksheet* PjBL Berbasis *AR* dina Pangajaran Biologi Konsép Serangga pikeun Ngawangun Kaahlian Vérifikasi Informasi Peserta Didik (Pangwangunan Indikator ka-3 *Digital Habits of Mind*). Dibimbing ku Dr. Ida Yayu Nurul Hizqiyah, S.Pd., M.Si., jeung Saiman Rosamsi, S.Pd., M.Pd.

RINGKESAN

Kamekaran téknologi digital beuki ngaronjatkeun kabutuhan kana kamampuh vérifikasi informasi sangkan informasi anu digunakeun miboga bebeneran sarta bisa dipertanggungjawabkeun. Hasil survéy némbongkeun yén ngan 19,8% réspondén anu mampuh ngalaksanakeun vérifikasi informasi sacara mandiri, ngaréngsékeun pasualan, sarta mantuan batur dina ngalaksanakeun vérifikasi informasi. Ieu hasil nuduhkeun pentingna ngawangun kaahlian vérifikasi informasi minangka salasahiji bagian tina *Digital Habits of Mind*. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho éféktivitas penerapan *e-worksheet* berbasis *Project Based Learning* (PjBL) jeung *Augmented Reality* (AR) dina ngawangun kaahlian vérifikasi informasi peserta didik, ningkatkeun pamahaman konsép ngeunaan peran serangga dina ékosistem, sarta mikanyaho hubungan antara kaahlian vérifikasi informasi jeung pamahaman konsép ogé motivasi diajar. Métode anu digunakeun nyaéta pre-experimental kalayan desain *one-shot case study* ka peserta didik kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2025/2026. Data dikumpulkeun ngaliwatan tés pamahaman konsép, lembar penilaian kaahlian vérifikasi informasi, jeung angkét motivasi diajar, tuluy dianalisis ngagunakeun uji N-Gain, analisis déskriptif perséntase, sarta uji korélasi. Hasil panalungtikan némbongkeun yén penerapan e-worksheet PjBL berbasis AR éféktif dina ngawangun kaahlian vérifikasi informasi peserta didik kalayan kategori hadé, ningkatkeun pamahaman konsép dina kategori sedeng, sarta ngahasilkeun motivasi diajar dina kategori kacida hadéna. Hubungan antara kaahlian vérifikasi informasi jeung pamahaman konsép henteu némbongkeun hasil anu signifikan. Ku kituna, *e-worksheet* PjBL berbasis *AR* bisa dijadikeun salasahiji alternatif dina pangajaran Biologi pikeun ngarojong pangwangunan kaahlian vérifikasi informasi, pamahaman konsép, jeung motivasi diajar peserta didik dina nyanghareupan tuntutan atikan abad ka-21.

Kecap galeuh: *Augmented Reality* (AR), *Digital Habits of Mind*, kaahlian vérifikasi informasi, *Project Based Learning* (PjBL)